

Flè ak pwezi

MATLÒT



Lòsyè mo #3

GWROUP FLÈ AK PWEZI

Sou direksyon Jean Verdin JEUDI (TOLI)

23 Dawou 2016

[1]

Flè ak pwezi

“**MATLOT**” se plizyè moso mo divès otè ki nan gwoup Flè ak pwezi” chwazi kole ansanm pou boukante rèv ak lide sou tab lavi.

Travay sa a enskri nan pwojè « lòsyè mo » gwoup la genyen, ki vize marande plim divès ekriven ansanm epi konstwi yon **gwo** mo sou yon tèm espesifik, malgre chak ekriven sa a yo gaye nan tout kwen nan peyi a. sa fè twazyèm zèv ki reyalize nan pwojè a. N ap toujou souliye pou lektè yo, chak ti moso tèks se yon sengi-larite ki marande ansanm pou konstwi totalite zèv la.

Aprè “Zensèl Lanmou”, tak san kè’, zèv sa a tradui ankò puisans men kontre genyen nan aboutisman yon lide.

Jean Verdin JEUDI

Flè ak pwezi

Lè w kwè

Lavi ak rèv

Pa zanmitay

Yo ret totouni

San kilòt

Ap ret tann nou

Sou menm nat

Flè ak pwezi

Flè ak pwezi

Depi lavi kite w wè
Senti kilòt li
Koumanse souke rèv
Kontinye souri ba li
Pye l pa lwen
Louvri

Tilus Stevenson

Flè ak pwezi

Chak rèv m ap ekri

Mo yo pati

chak zèv

chak pa lavi

marande

Ak kòd lonbrik

Yon demen

K ap chita tann.

Samuel CLERMONT (Diamant Noir)

Flè ak pwezi

Manman m te di m

Tout rèv fou nan sans pa yo

Yo menm longè

Yo menm gwosè

Akoz lavi se yon maj blanch

Ki trase sou do mòn nan

Snayder PIERRE LOUIS (Snaypi)

Flè ak pwezi

M ap fout resi ba w

po vant mwen

M ap ba w li nèt ti cheri

Ou mèt pran l

L a sèvi wout

Pou w kondi rèv ou

Peter Cénas

Flè ak pwezi

M pa reve lannwit

Twòp tan

Pou m touse manch chemiz

Pou m fè lavi m swe

Stevenson TILUS

Flè ak pwezi

Mizè vyeyi rèv nou,

Pasyans nou pati

Tout boulin

Ak reziyasyon nou

Nan pòch li

Solèy bwè dlo

Nan tou wòch lespwa n

Chagren lavi neye po je n

Pou fènwa fè bras

Nan soufrans nou.

Marc Louverture

Flè ak pwezi

Lavi tonbe ri

Lè l konnen

Se pou konpè

Lanmò n ap travay

Saphir MOISE (Sasou)

Flè ak pwezi

M te kwè m ta ka kreve

Lavi ak rèv

Men tout rèv mwen

Tonbe nan tou

Stevenson TILUS

Flè ak pwezi

Dòm m pete yon kout

Eskandal yèreswa

Lè li wè rèv mwen yo

Flanbe kou pay mayi

Christopher JASMIN (Né d'Hier)

Flè ak pwezi

Pa okipe pèsonn
Ki di w lap viv rèv ou
San janmè gade deyè
Se paske lavi pa ko ouvè
Pòt pa l

Stevenson TILUS

Flè ak pwezi

M ap fè chak moso rèv

Tounen zòrye

Pou met tèt mwen

Pou m byen domi

Joh-Anna N. PIERETTE

Flè ak pwezi

Tout rèv se foli

Menm si

Reve

se

boujon

lespwa

Lavi sèlman ki gen verite

Jean Verdin Jeudi (Toli)

Flè ak pwezi

Pito yon reken

Manje w

Pase gen yon rat

K ap mòde w

kap souffle w

Sapphir MOISE (Sassou)

Flè ak pwezi

Lè m fin fèmen je m
Pinga lannwit deside
kanpe sèk
Fè demen m
Pa wè rezon vini

Stevenson TILUS

Flè ak pwezi

Lavi se fatig

Chak lè l kabicha

Mouche lanmò

Volè vijinite l

Steevenson EMILE (Bruno)

Flè ak pwezi

Chak rèv

Se yon boul

ki koukouman

Nan do lavi

Samuel CLERMONT (Diamant Noir)

Flè ak pwezi

Lapli kriye

Pase rèl lavi,

Dlo dyòl li menm

Mouri mò moun saf

Mò rèd

Pase tibo

Timoun piti van toufounen

Epi tout rèv

Kanyank kanyank

Pase lavant machann siwo..

R. Deewoy DESROSIERS

Flè ak pwezi

Lè Rev toufonnen

Nan fant janm lavi

Kontinye souri

Sapphir MOISE (Sassou)

Flè ak pwezi

Lavi se

Ti branch pay

Nan bèk

Ti zwazo

Lavi

Se pye mapou

Nan lakou

Flè ak pwezi

Cheri

Vini m ba w santanS ou

Si w we lang mwen

Môde parol ou

pa pantan

se lalwet ou

Kap sizonnen rèv lavi

R. Deewoy DESROSIERS

Flè ak pwezi

Map pase rèv mwen solèy

Sou galata lavi

May map bay

Sapphir MOISE (Sassou)

Flè ak pwezi

La vi isi

Se tankou yon mòso zèl ravèt

Lan bèk ti zwazo

Peter Cénas

Flè ak pwezi

La vi mare rèv nou

Anba ke wòb li

Pou lavalas dezespwa

Pa trennen l nan

Gran rivyè.

Eland GUERRIER

Flè ak pwezi

Zye m fè zanpoud

Nan chache tras lavi

San kadans ou

Latè pa vire

Li souffri latranbad

Stevenson TILUS

Flè ak pwezi

Rèv se lavi

Lavi se rèv

Rèv pa lavi

Lavi pa rèv

Chak rèv gen lavi

Tout lavi gen rèv

Eland GUERRIER

Flè ak pwezi

Lavi son w

Dra fen

Fredi lanmò

Toufounen

Lè l fin fimen tan.

Eland GUERRIER

Flè ak pwezi

Lavi marande

Mezi ti bout rèv

Ki nan kòlèt kras

Limanite

Mendiny JOSEPH (Larim)

Flè ak pwezi

Twòkèt lavi

kenbe kò w

Pito w chèche kolèt palmantè

Pou w fè kantamwa

Sispann pipi

Sou do rèv malerèz

Ti kris

Flè ak pwezi

En

De

Twa

Kat

Kite rèv mwen

Konte pa

Anba ti vant ou

Pou lavi m ka souri

Mendiny JOSEPH (Larim)

Flè ak pwezi

Lavi pa mezire rèv

Se reyalite

Ki mande w

Trase l

Sapphir MOISE (Sassou)

Flè ak pwezi

Pa koute

Mouche lavi

Lè lap fè n lasisin

Sanwont pase l nanpwen

L ap fè lanmò zye dou

Depi ti konkonm tap goumen

ak berejèn

Jis li bay lanmò

Fè ladesant anba ti vant li

Steevenson EMILE (Bruno)

Flè ak pwezi

Dlo djòl lavi desann

Li bwote tout rèv mwen

Anba zèsèl syèl la

Konsyans mwen ap drive

San manman

San papa

Schadmael DEROSIER (L'indocile)

Flè ak pwezi

Lavi ak rèv se sèl

Matlòt

Ki souflete w

Jan L vle

Sapphir MOISE (Sassou)

Flè ak pwezi

Lis patisipan an yo

- Christopher JASMIN
- Eland GUERRIER
- Jean Verdin Jeudi
- Joh-Anna N. PIERETTE
- Marc Louverture
- Mendiny JOSEPH
- Né d'hier
- Peter Cénas
- R. Deewoy Desrosiers
- Roberto HECTOR
- Samuel CLERMONT
- Sapphire Moïse S
- Snayder PIERRE-LOUIS
- Steevenson EMILE
- Tilus Stevenson